



MetroWest Elementary School
1801 Lake Vilma Drive, Orlando, Florida 32835



Patricia Smith - Principal
Evangeline Slaughter - Assistant Principal
Dr. Xhuljeta Gjini- Assistant Principal
“Where Miracles Are In The Making”

Chè Paran/Gadyen,

Bi lèt sa a se pou enfòmasyon w elèv ou a pral pran sou papye “Florida Standards Assessments (FSA)” (Evalyasyon Estanda Florid) 3èm, 4èm, 5èm Ane Eskolè evalyasyon “ELA Writing /ELA Reading/Mathematics” Redaksyon ELA Lekti/Matematik ELA nan dat:

Grade 3: April 2, April 3, May 6, and May 7
Grade 4: April 2, May 1, May 2, May 6, and May 7
Grade 5: April 2, May 1, May 2, May 6, and May 7

Elèv ou a ap gen yon opòtinite pou patisipe nan sesyon pratik pou l vin abitye avèk kalite kesyon ak fòm repons li pral wè nan evalyasyon FSA yo. Si oumenm oubyen elèv ou a ta renmen revize materyèl yo, pratik egzamen sou papye ak repons yo disponib nan <http://www.FSAssessments.org/students-and-families/practice-tests/paper-based-practice-test-materials/>.

Pou enfòmasyon konsènan longè sesyon egzamen pou tout evlyasyon FSA Prentan 2019 yo, silvoulè vizite Pòtal FSA a nan www.FSAssessments.org, klike sou senbòl “**Students and Families**” (Elèv ak Fanmi), epi chwazi kat “**Frequently Asked Questions**” (**Kesyon yo Mande Souvan**), ansuit chwazi kesyon an: “How long are the tests” (Ki longè egzamen yo)?

Silvoulè revize règ k ap suiv yo avèk elèv ou a anvan egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv sèvi avèk okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn “smart”, ak mont “smart”, nan kèlkeswa moman pandan egzamen an **oubyen** pandan poz (egz. ale nan twalèt), **menmlè yo fèmen aparèy yo oubyen elèv yo pa itilize yo**. Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik, y ap anile egzamen li a.
- **Deklarasyon Konpreyansyon sou Règleman Egzamen an**—Tout egzamen FSA yo gen ladan yon Deklarasyon Konpreyansyon sou Règleman Egzamen an yo enprime nan liv egzamen ak repons elèv la ki di: “Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règleman sa yo, yo ka anile nòt mwen pou egzamen an.” Anvan yo bay egzamen an, moun ki ap administre egzamen an ap li règleman yo pou elèv yo, e elèv yo dwe fè konnen yo konprann règleman egzamen an nan siyen anba deklarasyon ki nan egzamen an ak liv repons yo.
- **Diskite Kontni Egzamen an Aprè Egzamen**—Dènye pòsyon règleman pou egzamen yo li pou elèv yo anvan yo siyen anba Deklarasyon Konpreyansyon Règleman pou Egzamen an di: “Akoz sekirite kontni tout evalyasyon atravè eta a, ou pa dwe diskite oubyen devwale detay konsènan kontni egzamen an (tankou atik egzamen, tèks ak kesyon yo) aprè egzamen an. Sa gen ladan nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou “texting” (voye tèks), lèt elektwonik, oubyen poste enfòmasyon sou Entènèt, pa egzanp, sou sit Entènèt tankou ‘Facebook,’ ‘Twitter,’ ‘Snapchat,’ oubyen ‘Instagram.’ Silvoulè asire w elèv ou a konprann, “diskite” kontni egzamen yo gen ladan nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye tèks, lèt elektwonik, poste enfòmasyon sou medya sosyal yo, oubyen pataje enfòmasyon sou Entènèt. **Menmlè elèv pa dwe pataje enfòmasyon sou kontni egzamen ki sekirize aprè egzamen, règ sa a pa fèt pou anpeche elèv diskite eksperyans yo fè nan egzamen yo avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay Endepandan**—Elèv yo responsab pou fè pwòp travay yo pandan egzamen an e pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap triche pandan egzamen, yo ap anile egzamen yo a. Anplis, “Florida Department of Education (FDOE)” (Depatman Edikasyon Florid) anplwaye yon konpayi sekirite egzamen,



MetroWest Elementary School
1801 Lake Vilma Drive, Orlando, Florida 32835



Patricia Smith - Principal

Evangeline Slaughter - Assistant Principal

Dr. Xhuljeta Gjini- Assistant Principal

“Where Miracles Are In The Making”

“Caveon Test Security” (Sekirite Egzamen Caveon), pou analize rezilta egzamen elèv yo pou detekte modèl repons ki parèt etranj tèlman yo sanble. Yo ap anile rezilta elèv nan yon lekòl yo jwenn avèk modèl repons ki ekstrèmman sanble.

- **Kite Kanpous la**— Si elèv ou a retounen pou sesyon egzamen li te kòmanse anvan li fini li (egz., pou repa midi, yon randevou, maladi), yo **pap** kite l fini sesyon egzamen sa a. Si elèv ou a pa santi l byen jou egzamen an, li ka pi bon pou l tann e pran egzamen an nan yon jou ratrapaj. Silvouplè sonje pou w pa pran randevou nan jou egzamen yo.
- **Akomodasyon pou Egzamen**— Si elèv ou a gen yon “Individual Education Plan (IEP)” (Plan Edikasyon Endividyèl), yon plan Seksyon 504, oubyen li se yon “English Language Learner (ELL)” (Moun Ki ap Aprann Lang Anglè), silvouplè kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak administrasyon egzamen sa a, ou ka kontakte Rebecca Young at 410-296-6450. Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram FSA a, silvouplè vizite Pòtal FSA a nan www.FSAssessments.org.

Mèsi dèske w sipòte e ankouraje elèv ou a pou li fè maksimòm efò pandan administrasyon egzamen sa a.

Sensèman,

Patricia Smith
Principal